

ATIK KI NAN GID REFERANS LAN

Kontèks

1. Responsablite Kowòdonatè Sèvis Asirans Sante a – Atik 1 nan Gid Referans lan
2. Avi pou Paran Konsènan Asirans Sante – Atik 2 nan Gid Referans lan
3. Enfòmasyon ak Enstriksyon pou Paran sou Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante/Atestasyon Paran ki Pa gen Asirans Sante – Atik 3 nan Gid Referans lan
4. Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante – Atik 4 nan Gid Referans lan (**Fòm A**)
5. Atestasyon Paran ki Pa gen Asirans Sante – Atik 5 nan Gid Referans lan (**Fòm B**)
6. Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Asirans Sante – Atik 6 nan Gid Referans lan (**Fòm C**)
7. Enstriksyon pou Kowòdonatè Sèvis yo: Kolekte Referans Ekri nan men Paran oswa Doktè Swen Prensipal - Atik 7 nan Gid Referans lan
8. Referans Ekri ki soti nan men Doktè Swen Prensipal - Atik 8 nan Gid Referans lan (**Fòm D**) Ansyen Fòm E
9. Gid sou Faktirasyon Medicaid pou Timoun ki enskri nan Medicaid Managed Care – Atik 9 nan Gid Referans lan

Remak

- Yo te konbine Responsablite Inisyal ansanm ak Responsablite Kontinyèl Kowòdonatè Sèvis pou zafè Asirans lan
- Kounye a, Fòm B a se Atestasyon Paran ki pa gen Asirans Sante
- Demann Enfòmasyon sou Kouvèti (ansyen Fòm D) - Li elimine - li pa aplikab ankò
- Avi Sibwogasyon Obligatwa – Li elimine – li pa aplikab ankò
- Gid pou Antre nan Plan Asirans ki Pa Règleman nan NYEIS – Li elimine – li pa aplikab ankò

KONTÈKS

Paran yo ta dwe kapab resevwa sèvis Entèkansyon Bonè gratis nan Eta New York. [Seksyon 2557 PHL, 10 NYCRR seksyon 69-4.1(m)(1)(iv)(d)] Se Medicaid ki peye sèvis pou timoun ki elijib ki gen kouvèti Medicaid. Anvan 29 desanm 2021 an, kouvèti asirans sante yon timoun ki elijib te peye sèvis entèkansyon bonè yo an pati, si Lwa Asirans Eta New York (New York State Insurance Law, SIL) la te règleman plan asirans sante a.

Nan dat 29 desanm 2021 an, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon (A.5339/S.5560A) ki te chanje nan yon fason ki siyifikatif fason yo trete ak peye reklamasyon pou sèvis entèkansyon bonè yo. Lejislasyon an etabli yon Lis Moun ki Kouvri nan Pwogram Entèkansyon Bonè a, ki jwenn finansman yon taks sou plan asirans sante. Finansman kolektif pou Pwogram Entèkansyon Bonè a konpanse patisipasyon minisipal ak Eta a nan sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè ke Medicaid pa kouvri yo. **Entèkansyon bonè yo pa voye fakti pou reklamasyon bay konpayi asirans sante komèsyal yo ankò.** Yo pral kontinye voye fakti pou Reklamasyon yo bay Medicaid pou sèvis ki kouvri yo ak nan kont depo garanti minisipal yo pou sèvis ki pa kouvri yo.

Remak: Kowòdonatè sèvis yo dwe kontinye kolekte epi dokimante enfòmasyon sou asirans sante yon timoun.

Yo te revize Gid Referans Asirans Sante sa a pou bay kowòdonatè sèvis yo enfòmasyon ki nesèsè pou yo asime tout responsablite sou entèkansyon bonè ki gen rapò ak kolekte epi dokimante enfòmasyon sou kouvèti asirans sante yon timoun/fanmi.

RESPONSABLITE KOWÒDONATÈ SÈVIS ASIRANS SANTE YO

1. Bay paran an (yo) /responsab legal la yon kopi **Avi pou Paran Konsènan Asirans Sante** a (Atik 2 nan Gid Referans lan) epi revize enfòmasyon sa a ak paran an. Diskite ak fanmi an sou egzjans règleman Pwogram Entèkansyon Bonè a pou kowòdonatè sèvis yo kolekte enfòmasyon sou asirans sante timoun k ap resevwa entèkansyon bonè a epi paran yo dwe bay enfòmasyon yo pou fasilite ranbousman sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo.
 - a. Dapre Lwa Sante Piblik Eta New York (Public Health Law, PHL) la, paran yo dwe resevwa sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo gratis. [Seksyon 2557 PHL, 10 NYCRR seksyon 69-4.1(m)(1)(iv)(d)]
 - b. **Medicaid fè pati sistèm peman Eta New York pou sèvis entèkansyon bonè yo.** Se Medicaid ki peye sèvis pou timoun elijib ki gen kouvèti Medicaid. Lajan Medicaid ak lajan ki disponib pou Lis Moun ki Kouvri nan Pwogram Entèkansyon Bonè a, ki jwenn finansman nan men yon taks sou plan asirans sante, toude fè pati sistèm peman pou Pwogram nan. Finansman kolektif pou Pwogram Entèkansyon Bonè a konpanse patisipasyon minisipal ak Eta a nan sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè ke Medicaid pa kouvri yo. Yo pral kontinye voye fakti pou Reklamasyon yo bay Medicaid pou sèvis ki kouvri yo ak nan kont garanti minisipal yo pou sèvis ki pa kouvri yo.

REMAK ENPÒTAN: Yo pa faktire reklamasyon pwogram Entèkansyon Bonè yo bay konpayi asirans sante komèsyal yo ankò.
 2. Founisè Entèkansyon Bonè yo pral resevwa yon peman pou entèkansyon bonè nan men fon minisipal yo (kont garanti) pou sèvis Medicaid pa peye totalman si reklamasyon founisè a respekte tout lòt règleman pou fakti ak reklamasyon entèkansyon bonè ki aplikab yo.
 - a. Pwogram Medicaid la peye pou tout sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè dapre tarif peman Pwogram Entèkansyon Bonè Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) ke Eta a mete anplas la.
 - b. Yo entèdi founisè yo pou yo mande paran yo peye pou sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo.
 - c. Yo dwe founi sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo pou tout timoun ki elijib dapre Plan Sèvis Endividalize pou Fanmi (Individualized Family Service Plan, IFSP) timoun nan, ki gen ladan kowòdinasyon ak evalyasyon sèvis yo. Sa enkli tout timoun, kèlkeswa estati asirans yo.
 - i. Si yon timoun pa gen asirans, kowòdonatè sèvis la responsab pou ede paran an idantifye epi aplike pou pwogram avantaj fanmi an ka elijib pou yo a, tankou Medicaid, Child Health Plus, ak Revni Sekirite Sosyal pou Andikap. Sepandan, paran an pa oblije enskri nan yon pwogram asirans sante pou l benefisyè sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo.
 - ii. **Fòm A**, (Atik 4 nan Gid Referans lan), kowòdonatè sèvis la dwe itilize **Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante a**, pou kolekte enfòmasyon sou kouvèti asirans sante yon timoun/fanmi an.
 - iii. **Fòm B**, (Atik 5 nan Gid Referans lan), se **Atestasyon Paran ki Pa gen Asirans Sante**. Paran yo dwe siyen atestasyon sa a si timoun ki nan entèkansyon bonè a pa gen kouvèti asirans sante. Kowòdonatè sèvis yo ta dwe revize enfòmasyon sou kouvèti asirans sante timoun nan ak fanmi an chak trimès oswa pi souvan si estati asirans sante timoun nan chanje. Paran an dwe siyen yon nouvo atestasyon omwen yon fwa pa trimès, sof si timoun nan te jwenn kouvèti asirans sante e paran an te ranpli **Fòm A** epi kowòdonatè sèvis la te kolekte l.
 - iv. Yon fwa paran an fin ranpli fòm asirans sante ki apwopriye a (**Fòm A** oswa, si pa gen kouvèti asirans sante, **Fòm B**), yo dwe antre enfòmasyon an nan Sistèm Done Eta a epi yo dwe konsève fòm lan nan dosye timoun nan. Kowòdonatè sèvis la pral enfòmè tout founisè sèvis faktirasyon yo ak Minisipalite a ke dokiman ki gen enfòmasyon asirans sante yo aksesib nan dosye timoun nan e ke, sou demann, yo pral voye yon kopi enprime pou yo pa lapòs nan 14 jou apre nou resevwa demann lan.

****Si fanmi an gen yon kat Medicaid ak yon Nimewo Idantifikasyon (Child Identification Number, CIN) Medicaid pou Timoun, yo dwe antre CIN lan nan Sistèm Done Eta aktyèl la. Si kouvèti Medicaid la se yon plan swen Medicaid jere, yo dwe antre enfòmasyon sou konpayi asirans/ asirans k ap jere swen yo tou nan Sistèm Done Eta a.**
- TANPRI SONJE:**
Kont Depans Sante (Health Spending Accounts, HSA)/Kont Epay Sante (Health Savings Accounts, HSA) se kont epay medikal epi yo **pa** konsidere yo kòm asirans sante; kowòdonatè sèvis la **pa** ta dwe kolekte enfòmasyon konsènan kalite kont sa yo ni li pa dwe antre nan dosye timoun nan oswa nan Sistèm Done Eta a.
- d. Pwoteksyon pou Fanmi yo lè yo bay Pwogram Entèkansyon Bonè Enfòmasyon sou Asirans Sante yo:
 - i. Paran yo pa peye okenn frè ak lajan ki sotè nan pòch yo, tankou franchiz oswa kopeman pou sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo.
 - ii. Koleksyon enfòmasyon sou asirans sante Pwogram Entèkansyon Bonè a fè yo pa gen yon enpak negatif sou kouvèti asirans sante yon fanmi.
3. Kolekte enfòmasyon sou polis asirans sante nan men fanmi an (10 NYCRR seksyon 69-4.6(d)).
 - a. Kowòdonatè sèvis yo dwe detèmine si yon fanmi gen asirans sante pou timoun k ap resevwa entèkansyon bonè a epi yo dwe bay fanmi an fòm apwopriye a ak enstriksyon pou ranpli li.
 - i. Kowòdonatè sèvis yo ta dwe revize **Fòm A ak B** avèk paran an epi ede yo ranpli fòm apwopriye a.
 - ii. Si fanmi an gen asirans sante pou timoun nan, bay fanmi an **Fòm A (Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante)**.
 - iii. Si yon fanmi pa gen kouvèti asirans sante, kowòdonatè sèvis la ap bay paran an **Fòm B (Atestasyon Paran ki Pa Gen Asirans Sante)** pou l ranpli.

- b. Eksplike paran an ke si yon timoun ap patisipe nan Pwogram Entèvansyon Bonè a, yo ta dwe fè kowòdonatè sèvis entèvansyon bonè a konnen nenpòt lè gen chanjman nan polis asirans sante timoun nan, tankou Medicaid ak Child Health Plus. Kowòdonatè sèvis la dwe revize enfòmasyon sou asirans sante timoun nan ak fanmi an chak trimès.
 - c. Kowòdonatè sèvis yo dwe dokimante nan nòt kowòdinasyon sèvis entèvansyon bonè a diskisyon yo ak paran an konsènan asirans sante nan Pwogram Entèvansyon Bonè ak kouvèti asirans sante timoun nan. Lè yo revize enfòmasyon sou asirans sante ak paran an chak trimès:
 - i. Sou **Fòm A**, kowòdonatè sèvis la dwe mete inisyal li epi ak dat sou fòm nan pou l endike ke yo te revize enfòmasyon yo ak paran an. Kowòdonatè sèvis la pral endike tou si enfòmasyon ki sou fòm nan "pa gen chanjman" oswa si yon "nouvo" fòm aktyalize nesèsè.
 - ii. Si li nesèsè pou mete ajou enfòmasyon asirans sante sou yon nouvo **Fòm A**, yo dwe bay paran an fòm sa a. Yon fwa yo fin ranpli nouvo fòm nan epi retounen l bay kowòdonatè sèvis la, yo dwe antre l nan Sistèm Done Eta a epi konsève li nan dosye timoun nan.
 - iii. Si timoun nan pa gen kouvèti asirans sante epi paran an te deja ranpli yon **Fòm B**, epi apre yo fin revize li, timoun nan kontinye pa gen kouvèti asirans sante, paran an dwe ranpli yon nouvo **Fòm B**, **Atestasyon Paran ki Pa Gen Asirans Sante** epi kowòdonatè sèvis la pral konsève l nan dosye timoun nan.
 - iv. Si yon timoun, pandan l ap patisipe nan Pwogram Entèvansyon Bonè a, te gen kouvèti asirans sante, men lè yo fin revize li, li pa genyen kouvèti sa a ankò, paran an dwe ranpli, siyen, epi mete dat sou yon **Atestasyon Paran ki Pa gen Asirans Sante (Fòm B)**, ke kowòdonatè sèvis la pral kolekte, apresya ki pral antre enfòmasyon ki nan fòm lan nan Sistèm Done Eta a epi konsève fòm lan nan dosye timoun nan.
 - d. Kowòdonatè sèvis yo dwe ede paran an ranpli **Fòmilè C** a tou (Atik 6 nan Gid Referans lan), **Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Asirans Sante**.
 - i. Sa a se avèk ke paran an siyen pou otorize komunikasyon enfòmasyon ki gen rapò ak asirans sante timoun nan bay kowòdonatè sèvis la ak minisipalite a.
4. Fè paran an bay yon referans ekri ki soti nan men pwofesyonèl swen sante prensipal timoun nan kòm dokimantasyon sou nesèsite medikal pou sèvis Pwogram Entèvansyon Bonè yo.
- a. Al gade gid pou rekòmandasyon ekri yo bay nan **Responsablite Kowòdonatè Sèvis pou Asirans Sante** (Atik 1 nan Gid Referans) epi **Kolekte Referans Ekri nan men Paran oswa Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal** (Atik 7 nan Gid Referans lan).
 - b. Itilize **Fòm D** (Atik 8 nan Gid Referans lan), **Referans Ekri nan men Doktè Swen Prensipal** la jan sa nesèsè pou objektif sa a.
 - c. Enfòmè founisè pwogram entèvansyon bonè timoun nan ke yo te jwenn yon referans ekri ki soti nan men pwofesyonèl swen sante prensipal timoun nan pou dokimante nesèsite medikal pou sèvis entèvansyon bonè.
- *Li enpòtan pou kowòdonatè sèvis yo konnen ki sèvis ki otorize nan Plan Sèvis Fanmi Endividalize yon timoun dwe kòmanse alè. Sèvis yo pa ta dwe janm retade si yo poko bay referans alekri pou nesèsite medikal la.**
5. Kowòdonatè sèvis yo dwe dokimante tout efò yo fè pou jwenn enfòmasyon sou asirans sante ak diskisyon yo ak fanmi an sou asirans sante nan kad Pwogram Entèvansyon Bonè. Kowòdonatè sèvis la dwe konsève tout enfòmasyon yo jwenn yo nan fason sa yo:
- a. Ekri nimewo referans timoun lan nan kwen anlè gòch chak fòm w ap ranpli.
 - b. Omwen chak trimès, oswa pi souvan si sa nesèsè, revize epi mete inisyal sou **Fòm A**, **Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante**, si asirans sante a **pa** chanje. Si asirans sante a chanje, mete **Fòm A** ajou epi fè paran an siyen epi mete dat sou fòm nan. Antre enfòmasyon ki ajou yo nan Sistèm Done Eta a epi konsève fòm lan nan dosye timoun nan.
 - c. Dokimante tout efò ki fèt pou jwenn enfòmasyon sou asirans sante nan nòt kowòdinasyon sèvis yo.
 - d. Antre enfòmasyon sou asirans sante timoun nan ak fanmi yo ke yo te kolekte nan men paran an, ki gen ladan Medicaid, Medicaid Managed Care, ak enfòmasyon sou politik Child Health Plus, dirèkteman nan Sistèm Done Eta a. Paran an dwe siyen **Fòm C**, **Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Asirans Sante a**, anvan nenpòt echanj enfòmasyon sou asirans sante ak kowòdonatè sèvis la oswa minisipalite a.
 - e. Apre yo fin kolekte tout enfòmasyon sou asirans sante yo nan men paran an, kowòdonatè sèvis la ap antre enfòmasyon sa a nan Sistèm Done Eta a.
 - f. Konsève yon kopi tout fòm asirans sante ki ranpli nan dosye timoun nan.

ATIK 2 NAN GID REFERANS SOU ASIRANS SANTE A

AVI POU PARAN KONSÈNAN ASIRANS SANTE

Nan Eta New York, sèvis Entèkansyon Bonè yo dwe gratis pou fanmi yo. Sistèm peman Eta New York pou Pwogram Entèkansyon Bonè a gen ladann itilizasyon asirans sante piblik (tankou Medicaid ak Child Health Plus) pou ranbousman sèvis entèkansyon bonè.

Nan dat 29 desanm 2021 an, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon (A.5339/S.5560A) ki te chanje nan yon fason ki siyifikatif fason yo trete ak peye reklamasyon pou sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo. Lejislasyon an etabli yon Lis Moun ki Kouvri nan Pwogram Entèkansyon Bonè a, ki jwenn finansman yon taks sou plan asirans sante. Finansman kolektif pou Pwogram Entèkansyon Bonè a konpanse patisipasyon minisipal ak Eta a nan sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè ke Medicaid pa kouvri yo. Yo faktire sèvis ki kouvri yo bay Medicaid epi sèvis ki pa kouvri yo peye atravè yon kont garanti minisipal.

Medicaid ak Asirans Sante Prive

Si fanmi w gen ni asirans sante prive ni asirans sante piblik asirans sante piblik (Medicaid), reklamasyon pou peman sèvis entèkansyon bonè yo pral voye fakti bay asirans sante leta (Medicaid) pou peman.

Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante ak Nimewo Sekirite Sosyal yon Timoun

Dapre Lwa Sante Piblik Eta New York (PHL) la:

Kowòdonatè sèvis ou a dwe kolekte, epi ou dwe bay, enfòmasyon ak dokiman sou kouvèti asirans sante pitit ou a, sa enkli asirans sante piblik ak prive. Enfòmasyon sa a gen ladann: kalite polis asirans sante oswa plan avantaj pou sante, non konpayi asirans lan oswa administratè plan an, nimewo idantifikasyon polis asirans la oswa plan an, kalite kouvèti asirans la, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesèsè pou faktire asirans ou an. Kowòdonatè sèvis ou a pral eksplike ou dwa w ak responsablite w yo, ansanm ak pwoteksyon legal lalwa prevwa pou fanmi yo. [10 NYCRR seksyon 69 4.7(g)-(h)]

Ajan Entèkansyon Bonè ou a dwe kolekte, epi ou dwe ba yo, nimewo sekirite sosyal pitit ou a. Yo pral konsève enfòmasyon sa yo nan yon fason ki sekirize ak konfidansyèl. [PHL§ 2552(2)]

Asirans nan Eta New York

Pwoteksyon sa yo garanti anba Lwa Sante Piblik Eta New York (PHL) ak Lwa Asirans Eta New York (SIL) lè yo itilize asirans sante piblik pou peye pou sèvis entèkansyon bonè yo.

- Sèvis entèkansyon bonè pitit ou bezwen yo pral gratis pou fanmi ou.** Yo pa ka mande w pou peye okenn frè ak lajan ki soti nan pòch ou, tankou franchiz oswa kopeman, pou nenpòt sèvis pitit ou ak fanmi ap resevwa nan Pwogram Entèkansyon Bonè a. Pwogram Entèkansyon Bonè a pral fè aranjanman pou peman tout kopeman ak franchiz yo. [PHL§ 2557(1); PHL§ 2559(3)(b)]
- Sèvis entèkansyon bonè ki disponib pou pitit ou a ak fanmi ou p ap limite ak sa asirans ou a kouvri yo.** Ajan Entèkansyon Bonè ou a dwe asire ke yo bay pitit ou sèvis entèkansyon bonè ki apwopriye yo, menmsi asirans ou pa kouvri sèvis sa yo oswa ou pa gen asirans. [PHL§ 2552(1)]
- Elijibilite pitit ou a pou pwogram egzanpsyon lakay ak nan kominote a p ap afekte lè w itilize asirans sante piblik la (sa vle di, Medicaid) pou peye pou sèvis entèkansyon bonè yo.**
- Yo dwe toujou ba ou sèvis entèkansyon bonè yo bay nan plan sèvis famiyal pèsonalize ou a menm si ou pa gen asirans sante prive oswa piblik.** Yo pa kapab mande w pou ou gen yon kouvèti asirans sante kòm yon kondisyon pou w patisipe nan pwogram Entèkansyon Bonè a, byenke kowòdonatè sèvis ou a ka ede w ak referans ak aplikasyon pou jwenn avantaj sosyal si w vle. [PHL§ 2552(1); PHL§ 2559(1)]
- Kont Depans Sante/Kont Epay Sante (HSA) se kont epay medikal epi yo pa konsidere yo kòm asirans sante.** Kowòdonatè sèvis ou a p ap kolekte enfòmasyon konsènan kont sa yo.

Dwa pou Pwosedi Ekitab

Se dwa paran yo pou yo gen aksè ak yon pwosedi ekitab pou rezoud dezakò oswa plent. Dwa pou pwosedi ekitab sa yo gen ladann opòtinite pou medyasyon, yon odyans san patipri, ak/oswa opòtinite pou depoze yon plent nan sistèm eta a. Tout opsyon yo volontè epi yo pa koute paran yo anyen. [34 CFR § 303.431, § 303.436, § 303.441, § 303.434; PHL § 2549; 10 NYCRR seksyon 69-4.17]

- Medyasyon** se yon pwosesis ke yon medyatè ki resevwa fòmasyon ki nan yon Sant pou Rezoud Konfli nan Kominote a dirije, ki ede pati yo jwenn yon akò sou nenpòt pwoblèm dapre Lwa Pati C. sou Edikasyon pou Moun ki Gen Andikap. Tanpri sonje ke yo pa ka itilize pwosesis medyasyon an pou refize oswa retade dwa yon paran pou yon odyans san patipri, oswa pou refize nenpòt lòt dwa pou yon pwosedi ekitab.
- Odyans San Patipri** yo se ajan odyans yo dirije (jij lwa administratif ke Komisyonè Sante a oswa reprezantan li a nonmen) epi yo itilize yo pou rezoud diskisyon ant yon paran ak yon Ajan Entèkansyon Bonè. Si yon evalyatè detèmine ke yon timoun pa elijib pou sèvis, paran yo ka mande yon odyans san patipri si demann lan fèt nan lespas 6 mwa apre dat yo te detèmine ke timoun nan pa elijib.

- **Yo ka depeze Yon Plent nan Sistèm nan** si paran yo oswa nenpòt lòt pati kwè ke ajans dirijan, Ajan Entèvansyon Bonè, kowòdonatè sèvis, evalyatè, oswa founisè sèvis la pa fè travay yo annakò avèk lalwa, règ, oswa règleman yo. Yo dwe soumet plent sa a alekri bay Depatman Sante Eta New York la, Direktè Biwo Entèvansyon Bonè a, epi yo dwe siyen l ak resevwa l nan mwens pase yon ane apati dat vyolasyon prezime a. Yo dwe voye yon kopi plent lan bay kowòdonatè sèvis timoun nan, Ajan Entèvansyon Bonè konte a, ak nenpòt founisè entèvansyon bonè yo pote plent pou li (yo) a.

Pou plis enfòmasyon sou chak opsyon sa yo ki disponib la, tanpri al gade enfòmasyon ki nan [Gid Debaz pou Paran nan Pwogram Entèvansyon Bonè](#) a ak sou paj wèb Biwo Entèvansyon Bonè a nan health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/. Si w gen nenpòt kesyon sou enfòmasyon ki nan avi sa a, tanpri mande kowòdonatè sèvis ou oswa Ofisyèl Entèvansyon Bonè a, oswa kontakte Biwo Entèvansyon Bonè Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health Bureau of Early Intervention) la nan telefòn nan 518-473-7016 oswa pa imèl nan beipub@health.ny.gov.

ENFÔMASYON AK ENSTRIKSYON POU PARAN

KOLEKSYON ENFÔMASYON SOU ASIRANS SANTE – FÒM A ATESTASYON PARAN KI PA GEN ASIRANS SANTE – FÒM B

Enfòmasyon sou Asirans Sante Timoun: (Fòm A)

Nan Eta New York, sèvis Entèkansyon Bonè yo dwe gratis pou fanmi yo. Sepandan, sistèm peman Eta New York pou Pwogram Entèkansyon Bonè a gen ladann itilizasyon asirans sante piblik (tankou Medicaid ak Child Health Plus) pou ranbousman sèvis entèkansyon bonè.

10 NYCRR 69-4.7 prevwa ke **kowòdonatè sèvis ou a dwe kolekte, epi ou dwe bay, enfòmasyon ak dokiman sou kouvèti asirans sante pitit ou a, ki gen ladan asirans sante piblik ak prive.** Enfòmasyon sa a gen ladann: kalite polis asirans sante oswa plan avantaj pou sante, non konpayi asirans lan oswa administratè plan an, nimewo idantifikasyon polis asirans la oswa plan an, kalite kouvèti asirans la, kalite kouvèti asirans nan polis la ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesès pou ranbouse founisè yo pou sèvis yo. Kowòdonatè sèvis ou a pral eksplike ou dwa w ak responsablite w yo, ansanm ak pwoteksyon legal lalwa prevwa pou fanmi ou.

Ranpli Fòm Asirans Sante yo

Kowòdonatè sèvis ou a ka ede w ranpli fòm ki nesès yo.

- Tanpri asire ou ranpli fòm ki obligatwa yo nèt epi avèk presizyon.
- Kowòdonatè sèvis la dwe revize enfòmasyon sou asirans sante timoun nan ak fanmi an omwen chak trimès. Si asirans sante ou a chanje, oswa ou pa gen kouvèti asirans sante ankò, w ap bezwen ranpli yon fòm (yo) ki ajou.

Tanpri enfòme kowòdonatè sèvis ou a imedyatman si kouvèti asirans sante pitit ou a chanje.

Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante (Fòm A)

Si pitit ou a gen de oswa plizyè polis asirans sante, ou dwe bay enfòmasyon pou chak polis asirans (egzanp anba a).

- Si pitit ou a gen de kontra asirans sante prive diferan, ou dwe mete enfòmasyon sou toude polis yo.
- Si pitit ou a gen Medicaid ak yon asirans sante prive, w ap mete Nimewo Idantifikasyon Medicaid (CIN) pou Timoun nan ak enfòmasyon sou asirans sante prive a.
- Si pitit ou a gen Medicaid Managed Care, yo pral dokimante ni Nimewo Idantifikasyon Medicaid (CIN) pou Timoun nan ni enfòmasyon konpayi asirans Medicaid Managed Care la nan seksyon enfòmasyon sou asirans lan.
- Si pitit ou a gen Medicaid Managed Care ak yon polis asirans sante prive, w ap mete Nimewo Idantifikasyon Medicaid (CIN) pou Timoun nan, enfòmasyon sou konpayi asirans Medicaid Managed Care la, ak enfòmasyon sou kontra asirans sante prive a.

Dwa pou Pwosedi Ekitab

Se dwa paran yo pou yo gen aksè ak yon pwosedi ekitab pou rezoud dezakò oswa plent. Dwa pou pwosedi ekitab sa yo gen ladann opòtinite pou medyasyon, yon odyans san patipri, ak/oswa opòtinite pou depoze yon plent nan sistèm eta a. Tout opsyon yo volontè epi yo pa koute paran yo anyen. [34 CFR § 303.431, § 303.436, § 303.441, § 303.434; PHL § 2549; 10 NYCRR Section 69-4.17]

- **Medyasyon** se yon pwosesis ke yon medyatè ki resevwa fòmasyon ki nan yon Sant pou Rezoud Konfli nan Kominote a dirije, ki ede pati yo jwenn yon akò sou nenpòt pwoblèm dapre Lwa Pati C. sou Edikasyon pou Moun ki Gen Andikap. Tanpri sonje ke yo pa ka itilize pwosesis medyasyon an pou refize oswa retade dwa yon paran pou yon odyans san patipri, oswa pou refize nenpòt lòt dwa pou yon pwosedi ekitab.
- **Odyans San Patipri** yo se odyans ajan yo dirije (jij lwa administratif ke Komisyonè Sante a oswa reprezantan li a nonmen) epi yo itilize yo pou rezoud diskisyon ant yon paran ak yon Ajan Entèkansyon Bonè. Si yon evalyatè detèmine ke yon timoun pa elijib pou sèvis, paran yo ka mande yon odyans san patipri si demann lan fèt nan lespas 6 mwa apre dat yo te detèmine ke timoun nan pa elijib.

Gid Referans Asirans Sante pou Kowòdonatè Sèvis yo (Health Insurance Tool Kit for Service Coordinators)

NEW YORK STATE DEPARTMENT OF HEALTH
Bureau of Early Intervention

Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante – Fòm A
(Collection of Health Insurance Information – Form A)

ATIK 4 NAN GID REFERANS SOU ASIRANS SANTE A – FÒM A

Nimewo Referans Timoun nan _____

Non Timoun nan _____

Dat Nesans _____ Sèks Timoun nan Gason Fi

Enfòmasyon sou Asirans Prensipal

Konpayi Asirans lan/Non Plan an _____

Adrès Faktirasyon Konpayi Asirans lan _____

Nimewo Polis Asirans/Idantifikasyon (ID) _____

Nimewo Idantifikasyon (ID) Manm Timoun nan (si Li Diferan) _____

Nimewo Gwoup _____

Non Mèt Polis Asirans lan _____

Dat Nesans Mèt Polis Asirans lan _____

Adrès Mèt Polis Asirans lan _____

Nimewo Telefòn Mèt Polis Asirans lan _____

Relasyon Mèt Polis Asirans lan ak Timoun nan _____

Lòt Asirans (Si Sa Aplikab)

Konpayi Asirans lan/Non Plan an _____

Adrès Faktirasyon Konpayi Asirans lan _____

Nimewo Polis Asirans/Idantifikasyon _____

Nimewo Idantifikasyon (ID) Manm Timoun nan (si Li Diferan) _____

Nimewo Gwoup _____

Non Mèt Polis Asirans lan _____

Dat Nesans Mèt Polis Asirans lan _____

Adrès Mèt Polis Asirans lan _____

Nimewo Telefòn Mèt Polis Asirans lan _____

Relasyon Mèt Polis Asirans lan ak Timoun nan _____

Nimewo Idantifikasyon Medicaid Kliyan (CIN) (Si Sa Aplikab) _____ (2 lèt, 5 nimewo, 1 lèt)

Siyati Paran an/Responsab Legal la _____ Dat _____

Tanpri sonje: Si Fòm Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante ki fèt pou ranpli a gen siyati elektwonik Paran/Responsab Legal la, siyati sa a dwe gen yon mak validasyon siyati elektwonik ladan tou (ki disponib atravè aplikasyon tankou Adobe Acrobat, DocuSign, elatriye) ki gen ladan dat ak lè yo te siyen fòm nan. Si mezi sekirite sa a pa disponib, yo dwe enprime Fòm Koleksyon Enfòmasyon sou Asirans Sante a pou pèmèt paran/responsab legal la siyen pou konsantman an sou kopi papye a.

Yo dwe revize enfòmasyon sou asirans yo omwen chak trimès epi nempòt kilè estati asirans timoun nan chanje:

Enfòmasyon Asirans ki Revize: Dat _____ Inisyal _____ Pa gen chanjman Nouvo fòm

Enfòmasyon Asirans ki Revize: Dat _____ Inisyal _____ Pa gen chanjman Nouvo fòm

Enfòmasyon Asirans ki Revize: Dat _____ Inisyal _____ Pa gen chanjman Nouvo fòm

Enfòmasyon Asirans ki Revize: Dat _____ Inisyal _____ Pa gen chanjman Nouvo fòm

Enfòmasyon Asirans ki Revize: Dat _____ Inisyal _____ Pa gen chanjman Nouvo fòm

Gid Referans Asirans Sante pou Kowòdonatè Sèvis yo (Health Insurance Tool Kit for Service Coordinators)

NEW YORK STATE DEPARTMENT OF HEALTH
Bureau of Early Intervention

Atestasyon Paran ki Pa Gen Asirans Sante – Fòm B
(Parent Attestation of No Health Insurance – Form B)

ATIK 5 NAN GID REFERANS POU ASIRANS SANTE A – FÒM B

Nimewo Referans Timoun nan _____

(Si sa aplikab)

Non Timoun nan _____

Dat Nesans _____

Mwen menm _____ (tanpri ekri non an ak lèt detache) paran ak/oswa responsab legal timoun yo mansyone pi wo a, sètifye apati dat jodi a, timoun sa a pa gen asirans sante. Mwen konprann ke kowòdonatè sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè ki deziyen an dwe ede m jwenn ak aplike pou asirans sante timoun sa a ka elijib. Mwen konprann tou ke timoun sa a pa oblije gen asirans sante pou l benefisye sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo.

Siyati Paran an/Responsab Legal la _____ Dat _____

Tanpri sonje: Si Fòm Atestasyon Paran ki Pa Gen Asirans Sante ki fèt pou ranpli a gen siyati elektwonik Paran/Responsab Legal la, siyati sa a dwe gen yon mak validasyon siyati elektwonik ladan tou (ki disponib atravè aplikasyon tankou Adobe Acrobat, DocuSign, elatriye) ki gen ladan dat ak lèt yo te siyen fòm nan. Si mezi sekirite sa a pa disponib, yo dwe enprime Fòm Atestasyon Paran ki Pa Gen Asirans Sante a pou pèmèt paran/responsab legal la siyen pou konsantman an sou kopi papyè a.

Gid Referans Asirans Sante pou Kowòdonatè Sèvis yo (Health Insurance Tool Kit for Service Coordinators)

NEW YORK STATE DEPARTMENT OF HEALTH
Bureau of Early Intervention

Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Asirans Sante - Fòm C
(Authorization to Release Health Insurance Information - Form C)

ATIK 6 NAN GID REFERANS SOU ASIRANS SANTE A – FÒM C

Nimewo Referans Timoun nan _____

Dapre Seksyon 2559(3)(c) Lwa sou Sante Piblik Eta New York (NYS) la

Non Moun (Timoun) ki Gen Asirans lan _____

Dat Nesans _____

Non Paran an/Responsab Legal la _____

Enfòmasyon sou Konpayi Asirans lan _____

Non/Tip Plan Asirans lan _____

Adrès konpayi Asirans lan _____

Nimewo Telefòn Konpayi Asirans lan _____

Non Mèt Polis Asirans lan _____

Adrès Mèt Polis Asirans lan _____

Nimewo Polis Asirans/Idantifikasyon _____

Manm Idantifikasyon Timoun nan _____

Nimewo Gwoup (Si Sa Aplikab) _____

Non Kowòdonatè Sèvis la _____

Ajans Kowòdonatè Sèvis la _____

Adrès Kowòdonatè Sèvis la _____

Nimewo Telefòn Kowòdonatè Sèvis la _____

Minisipalite _____

Mwen mande e mwen bay otorizasyon m pou yo divilge enfòmasyon sou kouvèti asirans sante pou konpayi asirans ki mansyone anwo a bay kowòdonatè sèvis entèvansyon bonè pitit mwen ak fanmi mwen, founisè (yo), minisipalite k ap administre Pwogram Entèvansyon Bonè lokal la, ak Depatman Sante Eta New York ak/oswa ajan fiskal entèvansyon bonè li a.

Mwen otorize echanj enfòmasyon ant pati sa yo ak konpayi asirans ki mansyone anwo a nan objektif pou fasilite reklamasyon yo ak pou ede nan règleman reklamasyon pou sèvis yo bay nan Pwogram Entèvansyon Bonè a:

Siyati Paran/Responsab Legal la _____ Dat yo Siyen an _____

Tanpri sonje: Si Fòm Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Asirans Sante ki fèt pou ranpli a gen siyati elektwonik Paran/Responsab Legal la, siyati sa a dwe gen yon mak validasyon siyati elektwonik ladan tou (ki disponib atravè aplikasyon tankou Adobe Acrobat, DocuSign, elatriye) ki gen ladan dat ak lè yo te siyen fòm nan. Si mezi sekirite sa a pa disponib, yo dwe enprime Fòm Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Asirans Sante a pou pèmèt paran/responsab legal la siyen pou konsantman an sou kopi pape a.

ATIK 7 NAN GID REFERANS SOU ASIRANS SANTE A

ENSTRIKSYON POU KOWÒDONATÈ SÈVIS YO: KOLEKTE REFERANS EKRI NAN MEN PARAN OSWA DOKTÈ SWEN PRENSIPAL [PHL § 2559(3)(a)]

Kontèks

Se responsablite kowòdonatè sèvis la pou l kolekte referans ekri nan men pwofesyonèl swen sante prensipal timoun nan (primary care provider, PCP) pou dokimante nesèsite medikal la.

Lwa Sante Piblik (PHL) Seksyon 2559(3)(a) egzije pou yon paran oswa responsab legal bay minisipalite a ak kowòdonatè sèvis la yon rekòmandasyon ekri ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante prensipal (pa egzanp, doktè, enfimyè pratikan, oswa asistan doktè) pou timoun ki elijib konsènan nesèsite medikal pou sèvis entèvansyon bonè yo.

Egzijans sa a:

- *aplike SÈLMAN pou timoun ki elijib nan bi pou yo fè reklamasyon pou ranbousman pou sèvis anba Pwogram Entèvansyon Bonè yo,*
- *aplike sèlman pou sèvis tankou terapi fizik, terapi lapawòl, terapi okipasyonèl, ak odyoloji, epi li pa aplike pou sèvis tankou sèvis kowòdinasyon ak ansèyman espesyal, ki pa bezwen yon referans ekri, ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante prensipal); epi*
- *se PA yon kondisyon pou timoun yo resevwa sèvis Pwogram Entèvansyon Bonè yo.*

Fòm

Gid Referans lan gen ladann yon modèl fòm referans (**Fòm D, Referans Ekri ki soti nan men Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal**) la ke yo ka itilize pou kominike avèk pwofesyonèl swen sante prensipal yon timoun lè w ap eseye jwenn yon referans. Sa a se yon modèl fòm sèlman. Pwofesyonèl swen sante prensipal la ka itilize pwòp fòm referans pa yo.

Pwosedi

Pandan premye vizit adomisil la, kowòdonatè sèvis la responsab pou kolekte enfòmasyon ki gen rapò ak asirans sante timoun nan. Kowòdonatè sèvis yo dwe revize enfòmasyon asirans sante ak paran an omwen chak trimès epi mete enfòmasyon asirans sante yo ajou sou fòm obligatwa yo ak nan Sistèm Done Eta a nenpòt lè gen chanjman.

Si timoun nan gen kouvèti asirans sante, kowòdonatè sèvis la ap swiv etap sa yo:

- Kowòdonatè sèvis la ap diskite ak paran yo sou nesèsite pou jwenn yon referans ekri ki soti nan men pwofesyonèl swen sante prensipal timoun nan pou sèvis ki otorize nan Plan Sèvis Familyal Pèsonalize timoun nan pou sipòte nesèsite medikal. Kowòdonatè sèvis yo ka revize modèl **Fòm D, Referans Ekri ki soti nan men Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal la**, lè yo eksplike paran an nesèsite pou etap sa a.
- Kowòdonatè sèvis la ranpli enfòmasyon ki nan kare anlè fòm referans lan epi enimerè sèvis ki nan Plan Sèvis Familyal Pèsonalize timoun lan nan kare ki apwopriye a anba fòm nan. Si paran an pa kapab kolekte referans ekri a nan men pwofesyonèl swen sante prensipal la, kowòdonatè sèvis la ta dwe fasilite pwosesis la lè li kontakte pwofesyonèl swen sante prensipal la, avèk konsantman paran an, epi voye modèl fòm referans lan bay pwofesyonèl swen sante prensipal la. Li ka nesèse pou fè yon apèl swivi bay pwofesyonèl swen sante prensipal la pou jwenn referans ekri a.
- Yon fwa ke pwofesyonèl swen sante prensipal la siyen fòm referans ekri a epi li retounen l:
 - Kowòdonatè sèvis la dokimante enfòmasyon sa yo nan Sistèm Done Eta a.
 - Kowòdonatè sèvis la enfòme founisè Pwogram Entèvansyon Bonè Timoun nan ke yo te jwenn yon referans ekri ki soti nan men pwofesyonèl swen sante prensipal timoun nan pou dokimante nesèsite medikal pou yon demann ranbousman. Ou ka voye fòm sa a bay founisè sèvis la sou demann.
 - Kowòdonatè sèvis la ranpli epi konsève fòm referans ekri a nan dosye timoun nan.

Enfòmasyon Enpòtan

- Yo ta dwe jwenn referans ekri a nan men pwofesyonèl swen sante prensipal timoun nan; sepandan, si timoun nan pa gen yon pwofesyonèl swen sante prensipal, yo ka jwenn referans lan nan men nenpòt pwofesyonèl swen sante prensipal ki abitye ak swen medikal ak kondisyon timoun nan. Li ka doktè ki te fè evalyasyon sante timoun lan nan kad premye evalyasyon miltidisiplinè a pou detèmine elijibilite timoun nan pou sèvis entèvansyon bonè yo.
- Yon doktè, yon enfimiyè pratikan oswa yon asistan doktè ka bay referans ekri a.
- Ou dwe jwenn referans ekri a sèlman yon fwa pou chak sèvis ki kouvri. Ou dwe jwenn yon referans ekri pou tout sèvis (yo) (ki pa sèvis kowòdinasyon ak ansèyman espesyal) ki ajoute nan yon plan sèvis famiyal pèsonalize pandan patisipasyon timoun lan nan Pwogram Entèvansyon Bonè a.
- Yo ka itilize yon preskripsyon pou sèvis, tankou sa ki nesèsè nan 10 NYCRR Seksyon 69-4.11(a)(10)(ii), pou egzekisyon yon Plan Sèvis Fanmi Endividalize, pou satisfè egzijans sa a. • Yon preskripsyon pou yon sèvis espesifik satisfè egzijans referans pwofesyonèl swen sante prensipal pou sèvis sa a si yo te jwenn li nan men pwofesyonèl swen sante prensipal timoun nan oswa, si timoun nan pa gen yon pwofesyonèl swen sante prensipal, nan men nenpòt lòt pwofesyonèl swen sante prensipal ki abitye ak swen medikal ak kondisyon timoun nan.

Si fanmi an gen kouvèti asirans sante, tanpri sonje:

Kowòdonatè sèvis la responsab pou l asire yo jwenn referans ekri a nan men pwofesyonèl swen prensipal timoun nan. Referans ekri a obligatwa pou timoun ki gen Medicaid oswa Medicaid Managed Care.

TANPRI SONJE: Referans ekri sa a se pa yon kondisyon pou bay sèvis yo, men sèlman pou reklamasyon an. Yo dwe bay timoun yo ak fanmi yo sèvis nan plan sèvis famiyal pèsonalize yo menmsi yo pa ka jwenn yon referans ekri nan men yon pwofesyonèl swen sante prensipal. Nan ka sa a, dokiman ki nan dosye timoun nan ak nòt kowòdinasyon sèvis yo dwe endike ke li pa t posib pou yo jwenn yon referans ekri nan men pwofesyonèl swen sante prensipal timoun nan. *Nan okenn sikonstans yo pa ta dwe refize timoun yo sèvis ni yo pa ta dwe gen reta nan sèvis yo sou baz egzijans pou jwenn yon preskripsyon ekri sou nesèsite medikal nan men pwofesyonèl swen sante prensipal la.*

Gid Referans Asirans Sante pou Kowòdonatè Sèvis yo (Health Insurance Tool Kit for Service Coordinators)

Referans Ekri ki soti nan men Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal
Dokiman sou Nesesite Medikal - Fòm D
(Written Referral from Primary Health Care Practitioner
Documentation of Medical Necessity - Form D)

NEW YORK STATE DEPARTMENT OF HEALTH
Bureau of Early Intervention

ATIK 8 NAN GID REFERANS SOU ASIRANS SANTE A - FÒM D

Nimewo Referans Timoun nan _____

Dapre Seksyon 2559(3)(c) Lwa sou Sante Piblik Eta New York (NYS) la

Non Timoun nan (Prenon/Dezyèm Prenon/Siyati) _____

Dat Nesans Timoun nan _____

Non Paran an/Responsab Legal la _____

Nimewo Telefòn _____

Kowòdonatè Sèvis la _____

Nimewo Telefòn _____

Chè Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal:

Dapre Seksyon 2559(3)(a) Lwa Sante Piblik Eta New York la, paran yo oblije bay Pwogram Entèkansyon Bonè a yon referans ekri ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante prensipal kòm prèv ki montre nesosite medikal sèvis entèkansyon bonè pou timoun yo jwenn ki elijib pou Pwogram Entèkansyon Bonè apre yon evalyasyon miltidisciplinè. Yo chèche enfòmasyon sa a pou fasilite pwosesis demann ranbousman pou sèvis sa yo. Biwo Entèkansyon Bonè a te devlope fòm sa a pou fasilite yon referans konplè ak egzak. Sepandan, ou ka itilize fòm ou vle a si li genyen tout enfòmasyon yo mande yo. Mèsi pou sipò w lè w bay enfòmasyon yo mande pi ba a.

Evalyasyon Pasyon ak Istorik Medikal ki Enpòtan _____

Dyagnostik, ki gen ladann kondisyon yo dyagnostike oswa reta nan devlopman ak kòd Klasifikasyon Entènasyonal pou Maladi (International Classification of Diseases, ICD) ki ansanm ak li yo, ki gen rapò ak bezwen pou sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo _____

Sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo idantifye nan plan sèvis famiyal pèsonalize (IFSP) timoun nan

Kalite Sèvis

Frekans/Dire

_____ Annakò ak IFSP a _____

_____ Annakò ak IFSP a _____

_____ Annakò ak IFSP a _____

_____ Annakò ak IFSP a _____

_____ Annakò ak IFSP a _____

_____ Annakò ak IFSP a _____

Nimewo Otorizasyon Davans
(Pou itilizasyon eksklizif
konpayi asirans lan)

Mwen konprann sèvis entèkansyon bonè ki endike anwo a ka mande pou yon pwofesyonèl kalifye fè evalyasyon/bilan kontinyèl pou evalye pwogrè timoun nan. Mwen refere _____ (Timoun) nan Pwogram Entèkansyon Bonè a pou l jwenn sèvis yo idantifye nan plan sèvis famiyal pèsonalize yo a.

Siyati Doktè a _____ (Orijinal) Dat _____

Non Doktè a (Ekri ak lèt detache) _____

Nimewo Telefòn _____

Adrès Doktè a _____

Nimewo Lisans Eta New York _____ Nimewo Idantifikasyon Founisè Nasyonal _____

GID SOU FAKTIRASYON MEDICAID POU TIMOUN KI ENSKRI NAN PLAN MEDICAID MANAGED CARE

Nan prèske tout konte nan Eta New York, yon fwa yo jije yon timoun elijib pou Medicaid, yo dwe enskri nan yon Plan Asirans Managed Care. Sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo eskli nan Medicaid Managed Care. **Se poutèt sa, yo PA faktire reklamasyon sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo bay Konpayi Asirans pou Managed Care la; yo faktire yo dirèkteman bay Pwogram Medicaid la sou yon baz frè pou sèvis.** Yo dwe anrejistre enfòmasyon sou Medicaid ak Medicaid Managed Care yo kòrèkteman nan Sistèm Done Eta a pou reklamasyon yo ka faktire/achemine yon fason apwopriye bay Medicaid.

Kowòdonatè sèvis yo ak minisipalite yo ta dwe travay ansanm pou asire ke enfòmasyon egzat yo enkli nan Sistèm Done Eta a epi ke nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk konsènan polis asirans timoun nan korije nan Sistèm Done Eta a, si sa nesesè, pi vit posib pou anpeche reklamasyon nan lavni yo pa faktire yon fason ki pa apwopriye bay Konpayi Asirans Managed Care la. Li enpòtan pou kowòdonatè sèvis yo travay ak minisipalite yo ak fanmi yo jan sa nesesè pou detèmine estati apwopriye asirans sante timoun ak/oswa kouvèti Medicaid.

Kowòdonatè sèvis yo responsab pou yo revize epi mete ajou enfòmasyon sou asirans sante timoun nan omwen chak trimès ak fanmi yo oswa chak fwa estati asirans sante fanmi an chanje. Nan ka timoun ki enskri nan pwogram Medicaid la, kowòdonatè sèvis la dwe jwenn **Nimewo Idantifikasyon Kliyan Medicaid (CIN) timoun nan epi antre nimewo sa a nan Sistèm Done Eta a pou rezon faktirasyon.** Anplis de sa, kowòdonatè sèvis la dwe verifye enfòmasyon sou Plan Medicaid Managed Care pou tout timoun ki kouvri yo ak ki gen kouvèti Medicaid. Enfòmasyon yo antre nan Sistèm Done Eta a dwe konsistan avèk enfòmasyon ki enkli nan sistèm eMedNY la.

Kowòdonatè sèvis yo ka sèvi ak Sistèm Verifikasyon Elijibilite Medicaid (Medicaid Eligibility Verification System, MEVS), ki se yon sistèm aksè telefòn otomatik ak son klyavye, pou verifye estati Medicaid Managed Care. Si timoun nan enskri nan yon Plan Medicaid Managed Care, MEVS pral idantifye yon Plan Medicaid Managed Care epi l ap bay enfòmasyon sou Non Plan Managed Care la, Adrès Plan, ak Nimewo Telefòn Plan an. Tanpri gade Gid Referans Rapid MEVS ki nan lyen sa a pou jwenn enstriksyon sou itilizasyon liy telefòn lan: https://www.emedny.org/ProviderManuals/5010/MEVS%20Quick%20Reference%20Guides/5010_MEVS_Telephone_Quick_Reference_Guide.pdf

Ajans kowòdinasyon sèvis ki gen pi gwo volim tranzaksyon (plis pase 50 pa mwa) ka jwenn menm enfòmasyon sa yo atravè ePACES, yon aplikasyon pou òdinatè. Pou jwenn enfòmasyon sou aksè/itilizasyon ePACES, tanpri kontakte Sant Apèl eMedNY nan 1-800-343-9000.

Anplis de sa, gen enfòmasyon sou founisè Medicaid Managed Care pou chak konte ki disponib ki idantifye konpayi ki ofri plan Medicaid Managed Care nan chak konte. Enfòmasyon yo disponib nan lyen sa a: http://www.health.ny.gov/health_care/managed_care/pdf/cnty_dir.pdf

Règ sou reklamasyon Medicaid yo mande pou reklamasyon an gen tout enfòmasyon ki gen rapò ak polis asirans potansyèl timoun nan. Sa gen ladan l pòsyon polis asirans prensipal plan Medicaid Managed Care yon timoun. Si enfòmasyon sa yo pa enkli nan yon reklamasyon Medicaid, Medicaid ap refize reklamasyon an.

Si plan yon timoun se Medicaid Managed Care, nimewo Idantifikasyon Kliyan Medicaid (CIN) la AK enfòmasyon konpayi asirans Medicaid Managed Care DWE dokimante nan Sistèm Done Eta a. Konsève yon kopi tout fòm asirans sante ki ranpli nan dosye timoun nan ak Sistèm Done Eta a.

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou antre enfòmasyon sou asirans sante nan Sistèm Done Eta a, tanpri al gade manyèl itilizatè a ak Èd Travay ki disponib yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou enskripsyon, eksklizyon, oswa enfòmasyon jeneral sou Medicaid Managed Care, tanpri vizite sitwèb Depatman Swen Sante Jere Eta New York (New York State Department of Health Managed Care) la nan http://www.health.ny.gov/health_care/managed_care/index.htm oswa rele liy asistans Medicaid Managed Care nan 1-800-505-5678.